



# Travayè Etranje Ak Nimewo Sekirite Sosyal

## Ki sa ki andedan

Ki sa pou m fè pou m travay Ozetazini?	1
Ki jan pou m aplike pou yon nimewo ak kat Sekirite Sosyal?	2
Konbyen tan sa pral pran pou gen yon nimewo Sekirite Sosyal?	2
Èske m bezwen gen yon yon nimewo Sosyal anvan m kòmanse travay?	3
Pou kontakte Sekirite Sosyal	3

Yo itilize nimewo Sekirite Sosyal yo pou rapòte salè yon moun bay gouvènman an epi pou detèmine elijiblite yon moun pou l resevwa benefis Sekirite Sosyal. Ou bezwen yon nimewo Sekirite Sosyal pou jwenn yon djòb, kolekte benefis Sekirite Sosyal, epi resevwa kèk lòt sèvis gouvènman an.

Si w Ozetazini tanporèman pou travay, anplwayè w la pral mande w pou nimewo Sekirite Sosyal ou. Anjeneral, se sèlman moun ki pa sitwayen ki jwenn otorizasyon nan men Depatman Sekirite Enteryè (Department of Homeland Security, DHS) pou travay Ozetazini ki ka gen yon nimewo Sekirite Sosyal.

Byenke anpil lòt biznis, tankou labank ak konpayi kredi, mande pou nimewo Sosyal ou tou, ou pa oblige ba yo l. Ou ka jwenn anpil sèvis san yon nimewo Sekirite Sosyal, ikonpri yon lisans chofè.

## Ki sa pou m fè pou m travay Ozetazini?

Toudabò, ou dwe genyen dokiman ki montre estati imigrasyon w Ozetazini ak otorizasyon ou genyen pou travay Ozetazini. Ansuit, ou ta dwe aplike pou yon nimewo ak kat Sekirite Sosyal nan Administrasyon Sekirite Sosyal la.

## Ki jan pou m aplike pou yon nimewo ak kat Sekirite Sosyal?

Ou pa gen pou peye senk kòb pou aplike pou yon nimewo ak kat Sekirite Sosyal. Pou aplike pou yon nimewo Sekirite Sosyal nan biwo Sekirite Sosyal lokal ou a:

- Ranpli yon aplikasyon pou yon kat Sekirite Sosyal; epi
- Montre nou dokiman orijinal yo ki pwouve:
  - Idantite w;
  - Estati imigrasyon w ki montre ou gen otorizasyon pou travay; epi
  - Laj ou.
- Pote aplikasyon ou fin ranpli a avèk dokiman orijinal ou yo nan biwo lokal Sekirite Sosyal ou a.

### **Tout dokiman yo dwe swa orijinal oswa kopi ajans ki bay yo a sètifye. Nou paka aksepte fotokopi oswa kopi dokiman yo ki notarye.**

Nou paka aksepte nonpli yon resi ki montre ou te aplike pou dokiman an.

Nou ka itilize yon dokiman pou de bi. Pa egzanp, nou ka itilize pèmi travay DHS ou a kòm prèv ni pou idantite w ni pou estati imigrasyon w ki ba w otorizasyon pou travay. Batistè oswa paspò w ka sèvi kòm prèv pou laj ou. **Ou dwe bay omwen de dokiman separe.**

### **Idantite ak estati imigrasyon ki bay otorizasyon pou travay**

Pou pwouve idantite w ak estati imigrasyon ki ba w otorizasyon pou travay, montre nou dokiman imigrasyon Etazini ou genyen kounye a ansanm ak paspò etranje w ki pokò ekspire. Dokiman imigrasyon ki akseptab genyen ladan l:

- Paspo etranje w ki pokò ekspire ki gen yon tanpon admision ki ajou ki montre yon klas admision ki pèmèt ou travay;
- Fòm I-551, Permanent Resident Card (Kat rezidan pèmanan);
- Fòm I-94, Arrival/Departure Record (Dosye arive/depa) ki montre otorizasyon pou travay DHS ba w; oswa

- Fòm I-766, Employment Authorization Document, (Dokiman otorizasyon pou travay, EAD, pèmi travay nan men DHS).

**Vizitè etranje:** Yon vizitè J-1 dwe montre nou tou yon DS-2019, Certificate of *Eligibility for Exchange Visitor Status* (Sètifikasi Elijbilité pou Estati Vizitè Etranje). Anplis de sa, elèv J-1 yo, etidyan estajyè ak vizitè entènasyonal yo dwe montre yon lèt esponsò pou pwouve l ap travay. Lèt la dwe ekri sou papye a antèt esponsò a avèk yon siyati orijinal ki otorize travay ou.

**Elèv entènasyonal:** Yon elèv F-1 oswa M-1 dwe montre nou tou yon Fòm I-20, Certificate of *Eligibility for Nonimmigrant Student Status* (Sètifikasi Elijbilité pou Estati Elèv ki pa Imigran). Li ka nesesè pou montre lòt dokiman siplemantè ki pwouve elijiblite w pou travay. Pou plis enfòmasyon, mande pou *Etidyan Entènasyonal Ak Nimewo Sekirite Sosyal* (Publication No. 05-10181-HC).

### **Laj**

Ou dwe prezante batistè etranje w la si w genyen l oswa ou ka jwenn li nan yon delè 10 jou ouvrab. Si non, nou ka konsidere lòt dokiman tankou paspò w oswa yon dokiman DHS ba w, kòm prèv pou laj ou.

### **Konbyen tan sa pral pran pou gen yon nimewo Sekirite Sosyal?**

Nou dwe verifye dokiman w yo avèk DHS anvan nou asiye w yon nimewo Sekirite Sosyal. Aprè n fin resevwa verifikasyon nan men DHS, nou pral poste kat Sekirite Sosyal ou a ba w. Nan piò ka, nou ka verifye dokiman w yo rapidman avèk DHS sou entènèt. Si nou paka verifye dokiman w yo sou entènèt, DHS ka pran plizyè semèn pou reponn demann nou fè a. N ap travay deprè avèk DHS pou n ka redui delè sa yo.

## Èske m bezwen gen yon yon nimewo Sosyal anvan m kòmanse travay?

Nou pa egzije pou gen yon yon nimewo Sekirite Sosyal anvan w kòmanse travay. Sepandan, Ministè Finans lan (*Internal Revenue Service*) egzije pou anplwayè yo itilize nimewo Sekirite Sosyal ou pou rapòte salè w.

Pandan w ap ret tann nimewo Sekirite Sosyal ou a, anplwayè w la ka itilize yon lèt nou ekri ki fè konnen ou te aplike pou yon nimewo, epi dokiman imigrasyon w yo ka pwouve otorizasyon w genyen pou travay Ozetazini.

Anplwayè yo ka jwenn plis enfòmasyon sou entènèt nan [www.socialsecurity.gov/employer/hiring.htm](http://www.socialsecurity.gov/employer/hiring.htm).

## Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè l ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou dèmilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

## Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov). Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my Social Security* pou egzamine *Social Security Statement (Deklarasyon Sekirite Sosyal)* ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;

- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsiyan;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay miltilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

## Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tandé.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today  
and tomorrow

Social Security Administration

Publication No. 05-10107-HC | July 2017

Travayè Etranje Ak Nimewo Sekirite Sosyal  
Foreign Workers And Social Security Numbers (Haitian-Creole)  
Produced and published at U.S. taxpayer expense  
Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye piblikasyon sa a